



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO ZOUTI POU EDE NOUVO NOUYÒKÈ YO GEN AKSÈ AK BENEFIS ENPÒTAN PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

***Patenarya piblik prive avèk Google.org la senplifye pwosesis pou idantifye benefis potansyèl pou Nouyòkè yo ki pa abitye ak pwogram sosyal yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon nouvo aplikasyon entènèt ki pral ede Nouyòkè ki gen difikilte yo lokalize benefis pou ede yo pandan moman yo gen nesosite. Devlope atravè yon patenarya piblik-prive avèk Google.org, aplikasyon pou dekouvri sèvis sosyal yo ki fasil pou itilize a pral ede moun ki swa nouvo oswa ki pa abitye ak rezo pwogram sosyal eta a.

"COVID-19 te lakòz demann san parèy pou sèvis sosyal nan New York, sa gen ladan fanmi ak moun ki pa te janm konte sou pwogram sosyal anvan sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo aplikasyon sa a, ki se rezilta yon patenarya piblik-prive, pral bay Nouyòkè yo yon resous fasil pou itilize, ki gen aksè lib ak resous pou jwenn èd ak asistans yo bezwen."

[Aplikasyon entènèt "Find Services"](#) (Jwenn Sèvis) la bay yon pwèn depa ki fasil pou itilize pou itilizatè k ap itilize pwogram sosyal yo pou premye fwa. Aplikasyon entènèt la bay chak itilizatè yon seri kesyon senp ki vize redui chan sèvis posib nan sila yo ki fèt pi byen pou reponn ak bezwen yo. Apre ou fin reponn kesyon yo, itilizatè a ap jwenn yon lis klase sèvis potansyèl yo ansanm ak yon deskripsyon pou ede rezidan yo jije si sèvis la apwopriye pou yo epi ba yo plis enfòmasyon sou fason pou yo aplike.

Aplikasyon entènèt la te devlope gratis pou kontribiyab yo pandan yon [kolaborasyon sis mwa](#) ant Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Office of Information Technology Services, ITS) ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a, ki sipèvize anpil pwogram sèvis sosyal New York yo ak yon ekip 10 moun ki dedye a tan plen nan Google.org pou sipòte inisyativ Ekip Teknolojik SWAT COVID-19 Gouvènè a. Patenarya piblik-prive san parèy sa a te mobilize èd konpayi teknolojik prensipal yo epi te ede apeprè kat milyon Nouyòkè depi kreyasyon li. Kòd aplikasyon entènèt la [se sous ouvè](#) (open source) pou pèmèt antite gouvènman yo jwenn opòtinite pou bati sou pwojè sa a pou satisfè bezwen rezidan yo.

Pandan peryòd pilòt twa semèn aplikasyon an, plis pase 100,000 Nouyòkè te antre sou aplikasyon entènèt la. Eta a pral itilize done analitik yo pou konprann kote rezidan yo

bezwen èd pou konekte ak sèvis gouvènmantal vital yo ak amelyore aplikasyon an pi devan pou pi byen sèvi bezwen Nouyòkè yo.

**Ofisye Chèf Enfòmasyon Pa Enterim ak Direktè ITS la, Jeremy Goldberg te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York avanse avèk ijans, ak rezistans pou atake kowonaviris la dirèk. Nou te resevwa sipò san parèy nan men teknològ ki gen lespri sivik yo nan eta a pou sipòte efò repons nou yo. Nou akeyi sipò sa a epi te travay men nan men avèk ekip sa a pou ede sa ki plis gen bezwen yo".

Pwogram sèis sosyal New York yo te gen ogmantasyon nan kantite ka yo depi kòmansman pandemi global la. Plis Nouyòkè ki gen revni fèb ap pwofite benefis enpòtan sa yo, ki gen ladan Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ak asistans tanporè pou lajan kach.

**Komisè OTDA, Mike Hein te deklare,** "Kounye a plis ke jamè, li enpòtan pou Nouyòkè ki kalifye yo gen aksè fasil ak pwogram ki fèt pou ede yo menm ak fanmi yo nan moman yo gen bezwen. Nouvo aplikasyon entènèt sa a elaji efò kontinyèl nou yo pou bay yon platfòm lib aksè pou moun ak fanmi yo eksplòre ak familiarize yo avèk pwogram sosyal yo ki ka fè gwo diferans nan lavi yo".

**Prezidan Google.org, Jacqueline Fuller, te deklare,** "Chèche sèvis sosyal kapab difisil, espesyalman si ou pa konnen kote pou kòmanse. Manm Google.org yo te vle rann li fasil pou rezidan New York yo jwenn epi gen aksè ak pwogram esansyèl yo, espesyalman nan moman kriz yo. Nan mwens pase sis mwa ak 10,000 èdtan travay volontè, ekip la te kapab bati yon aplikasyon entènèt depi zewo nan konbine ekspètiz teknik moun Google yo avèk lidèchip inebnanlab Eta New York la. Google te rele New York lakay pandan 20 dènye ane yo epi nou fyè pou kanpe bò kote Gouvènè Cuomo ak manm Ekip Teknolojik SWAT la pou ede asire sante ak sekirite kominote nou an".

Nan mwa mas, Gouvènè Cuomo te òdone ITS pou mande volontè nan kominote teknolojik la pou ede devlope solisyon teknolojik konpetan pou satisfè defi san parèy yo ke pandemi kowonaviris san parèy la te kreye, pou ede fasilite repons kowòdone, desizif epi k ap grandi vit nan Eta New York. ITS te travay avèk Biwo Gouvènè a ak Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) eta a pou etabli yon ekip pwofesyonèl ki byen kalifye epi ki gen yon espri sivik nan domèn teknoloji pou ede repons eta a pou peryòd 90 jou yo.

[Ekip COVID-19 Teknolojik 'SWAT' Eta New York](#) la te depi lè a ede ajans yo nan eta a avèk operasyon, analiz, kominikasyon ak lòt bezwen enpòtan pandan repons aktyèl la. Ekip la te fini 21 gwo pwojè ke ekip gouvènman entèn yo te jere ak mennen an antye nan ITS, Ekip Sèvis Dijital Eta New York la ak Biwo Sèvis Jeneral eta a. Gen 19 pwojè anplis ki te fini gratis, ki enplike yon total 25,000 èdtan volontè ak ekonomize apeprè 14 milyon dola nan lajan kontribiyab yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)